

## Kòman pou bati yon aplikasyon lekòl segondè ki balanse

Chè fanmi,

Jodi a, nou ekri w pou pataje senk konsèy avèk ou pou bati yon aplikasyon lekòl segondè ki balanse. Lè w voye yon aplikasyon ki balanse ou gen plis chans pou w jwenn yon òf nan yon pwogram ou vle.

- **Konsèy 1. Chwazi 12 pwogram pou aplikasyon w lan, nenpòt nan sa ou ta renmen ale yo.** Ane pase, 97% elèv ki te mete 12 pwogram sou aplikasyon yo te jwenn yon òf nan youn nan pwogram sa yo.
- **Konsèy 2. Mete chwa w yo sou aplikasyon w lan nan vrè lòd ou pi pito yo a.** Se toujou pi bon estrateji: y ap konsidere w pou premye chwa pwogram ou an, epi si li pa posib pou yo fè w yon òf, y ap konsidere w pou dezyèm chwa pwogram ou a, kòm si se li ki te premye chwa w la. Anplis, lekòl yo pa pral janm konnen si ou te mete yo an premye oswa an douzyèm chwa a.
- **Konsèy 3. Konsidere kantite demand pwogram lan genyen.** Si w ap aplike nan kèk pwogram ki gen anpil demand—pou di sa yon lòt jan, pwogram kote gen 3 aplikan oswa plis pou yon plas—aplike tou pou kèk pwogram ki gen 1 oswa 2 aplikan pa plas. Ou ka wè aplikan pou chak plas nan nenpòt pwogram sou paj MySchools li a epi w ka itilize filtè “Aplikan pou chak plas” pou jwenn lekòl ki gen diferan nivo demand.
- **Konsèy 4. Konnen nan ki gwoup priyorite ou ye nan chak pwogram.** Si pwogram kote w aplike yo gen plis pase yon gwoup priyorite pou admisyon, asire w aplike nan kèk pwogram kote ou nan gwoup priyorite # 1. Ou ka jwenn tou enfòmasyon sa yo nan paj MySchools pwogram lan.
- **Konsèy 5. Konsidere yon ekilib nan metòd admisyon yo.** Finalman, si w aplike nan kèk pwogram ki itilize yon metòd admisyon ki gade dosye ([screened](#)) oswa metòd admisyon ki fè [odisyon](#), konsidere aplike tou nan kèk pwogram ki itilize yon metòd admisyon opsyon edikatif (educational option, ed. opt.).

Pa bliye [voye aplikasyon balanse w la avan 1ye desanm](#). Ou bezwen sipò avèk kont [MySchools](#) ou a oswa avèk aplikasyon w lan? Nou la pou nou ede w! Pale avèk konseye lekòl pitit ou a oswa kontakte yon [Sant Byenveni pou Fanmi](#) (Family Welcome Center, FWC).

Mèsi,

Ekip admisyon lekòl segondè a, Biwo enskripsyon elèv

**Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w?** Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl segondè nan [schools.nyc.gov/SignUp](https://schools.nyc.gov/SignUp).

**Si w vle retire non w sou lis pou resevwa mesaj sou admisyon nan lekòl segondè, tanpri klike [la a](#).**